



PWA MALDYÒK *Canavalia ensiformis* L.

Ludger Jean Simon

Octobre 2024

American University of the Caribbean,
Route Nationale No.2, Charpentier Les Cayes, Haiti

Kisa pwa maldyòk la ye?

Pwa maldyòk (*Canavalia ensiformis* L.) se yon plant legiminez èbase anyèl, fanmiy papilionaceae, ki pran nesans nan Amerik di Sid ak Amerik Santral. Pou kounye laa li gaye nan tout rejyon twopikal ak soutwopikal nan mond la. Pye maldyòk la kapab rive 1 mètr wotè oubyen plis, epi li brache anpil. Rasin li desann fon nan tè, epi tou li gen yon seri tiboul ki gen bakteri ki la pou fikse azòt ki na lè a mete nan tè a. Fèy pwa maldyòk la trifolye, epi li mezire 20 cm longè pou 8 cm lajè. Flè yo mezire 2.5 cm longè, epi yo kapab gen koulè roz, vyolèt, osinon blach. Gous pwa maldyòk la kapab gen longè 30 cm epi lajè 3.8 cm. Grenn yo gwo epi yo blan, longè yo kapab mezire 1.25-2 cm. Li tolere sechrès epi tou li kapab devlope nan sòl ki pòv, men li pa tolere sòl ki gen eksès imidite.



Figure 1: Pwa maldyòk se yon legiminez nou ka itilize kòm angrè vèt

Ki itilite pwa maldyòk la?

Gen kèk peyi yo itilize pwa maldyòk kòm manje bèt, epi tou gen moun ki konn maje boujon ak gous yo tou kòm pwa tand. Men, fason yo plis itilize li se tankou angrè vèt osinon palnt kouvèti. Li pwodwi anpil byomas, epi tou li pote azòt natirèl nan sòl la.

Ki avantaj pwa maldyòk la bay lè nou itilizel kòm angrè vèt ?

Pi gwo avantaj angrè pwa maldyòk la se kantite matyè òganik li mete nan tè a. Lè nou taye pwa maldyòk la, epi kite li sou tè a pou sèvi tankou mulch, osinon vire li nan tè a, li dekonpoze rapid epi li bay imis ak eleman mineral jaden nou plante aprè li a pral itilize pou li devlope epi pou li bay bon rekòt. Menm jan ak tout lòt plant nou ka itilize kòm angrè vèt, lè nou taye pwa maldyòk la kite li sou tè a, li pwoteje tè a kont ewozyon, li konsève imidite nan tè a, epi tou li ede kontwole move zèb. Konsa tou pwa maldyòk la ogmante lavi nan sòl la, sa vle di kantite ak divèsite òganis vivan nan sòl la.



Figure 2: Pwa maldyòk ogmante lavi nan sòl la

Ki enkonvenyan nou ka rankontre lè nou itilizel pwa maldyòk kom angrè vèt ?

Pwa maldyòk la bezwen yon ti tan poul devlope, epi rive nan estad florezon avan li ka pwodwi efe nan chèche a. Konsa, plantè yo oblije pasya pou tann kèk mwa avan yo ka plante jaden kap vini aprè nan wotasyon an. Lè nou plante angrè vèt asosye ak lòt kilti, sa konn rive tou li fè konpetisyon ak kilti nou asosye li a. Gen kek angrè vèt ki konn atire ensèk ak maladi ki kapab atake lòt kilti yo tou.

Ki sistèm plantasyon nou ka fè ak pwa maldyòk la ?

Nou kapab plante pwa maldyòk la asosye avèk lòt kilti takou mayi, manyòk, papay, osinon tou nou kapab plante li poukont li aprè nou fin rekòlte yon jaden, an atandan lè a rive pou nou pare tè pou nou fè yon lòt jaden. Sistèm plantasyon an depann de sistèm wotasyon kilti nan zòn nan osinon nan eksplwatasyon an. Sistèm plantasyon pwa maldyòk la depann tou de sistèm elvaj ki pratike nan zòn nan.



Figure 3: Pwa maldyòk plante an asosyasyon avèk mayi nan Boval, Ducis

Referans

- Reagan L. Noland, M. Scott Wells, Craig C. Sheaffer, John M. Baker, Krishona L. Martinson, and Jefferey A. Coulter. 2018. Establishment and Function of Cover Crops Interseeded into Corn. Crop Science , Vol. 58. P.863-873
- Sheahan, C.M. 2012. Plant guide for Jack vean (*Canavalia ensiformis*). USDA-Natural Resources Conservation Service, Cape May Plant Material Center, Cap May, NJ. 8pp.
- Vinay, G. (2022). Cover Crops for Sustainable Soil Health and Agriculture Chapter. In Latest Trends in Agriculture Sciences (pp. 1–20). Integrated Publications New Delhi.
https://www.researchgate.net/publication/359401154_Cover_Crops_for_Sustainable_Soil_Health_and_Agriculture_Chapter